लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता

# पौलुस क अद्‌भुत यात्रा



लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Janie Forest

अनुकूलित: Ruth Klassen

अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2017 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

पौलुस अउर सीलास, यीशु क सेवक, जेल में रहलें। ना, उ लोग कुछ भी गलत ना कइलें रहलें- उ सब केवल एगो महिला की अंदर से ...



... दुष्टआत्मा के बहार निकलले रहलें। उ सब फिलिप्पी में मूर्ति पूजकन के - सच्चा परमेश्वर अउर उनकरी पुत्र यीशु की शक्ति की बारे में लोगन के बतवलें।



खाली एतना
खातिर ओ सब
गिरफ्तार कर
लीहल गइल रहलें,
उनपर मार पड़ल,
अउर बंदीगृह
में डाल
दिहल
गइल
रहलें।







आप
उम्मीद करअब
कि पौलुस अउर
सीलास क्रोध में
अउर कड़वाहट
में रहल होइहन
लेकिन ना, उ सब
अइसन ना कइलें।

एकरी बजाय उ सब आधी रात में परमेश्वर की स्तुति क भजन गावत रहलें! बाकि सब कैदी लोग अउर जेलर उनके सुनत रहलें।



अचानक, गाना बंद हो गइल। परमेश्वर जेल के हिलावे खातिर एगो भूकंप भेजलें। सब दरवाजा खुल गइल हर एक क चेन खुल गइल।





ओह - ओह! जेलर
के यकीन रहलन की
सब कैदी ए हलचल
में भाग गइल
होइहन। यदि एगो
कैदी भी जेल से
भाग जाइत तअ,
जेलर के मउवत की
घाट उतरे के पड़ित।



अफसोस क बात बा, बेचारा जेलर आपन तलवार बाहर खींच के निकललस। उ बचल कैदीन के मरले रहित अउर फिर खुद के मार के अपनी आप के खतम कइले रहित।

लेकिन पौलुस कहलन, "हमनी कअ सब केहु इहाँ बानी जा, अपनी आप के कवनो नुकसान मत पहुंचावअ।" जब जेलर उनके देखलस तब कहलस, "श्रीमान, उदधार पावे खातिर हम का करीं?"



तब उ लोग कहलें, "प्रभु यीशु मसीह पर विश्वास करअ, त तू अउर तोहार घराना उद्धार पायी।" आनन्द से, जेलर स्वीकार कइलन।





अगिला दिन उनके छोड़ दिहल गोइल, पौलुस अउर सीलास यीशु की बारे में लोगन के बतवते, कई अनेक शहरन क यात्रा कइलें।



कुछ लोग उनपर
बिस्वास कइलन
पर दूसर उनके
लोग चोट
पहुँचावला क
कोशिश कइलें।
लेकिन परमेश्वर
अपनी सेवकन
की संगे रहलन।



एक रात,
पौलुस घंटो
प्रचार कइलन। एगो
खुलल खिड़की पर
बइठल एगो जवान
सूत गोइलन। का
आप अनुमान लगा
सकी लां कि, का
भइल होई?



सब केहु जानत रहे की उ जवान मर चुकल बाड़न। लेकिन पौलुस नीचे गइलन अउर ई कहि के ओ के गले लगा लिहलन, "ओकर जीवन ओकरी में वापस आ गइल बा।"



उ युवक में पुनः जीवन वापस लीयवनअ, अउर उ सब केहु बहुत खुश भइलँ।

यूरोप में यात्रा की दौरान पौलुस अउर सीलास कईगो कारनामा कइलें। सबसे बड़ रोमांचक घटना तब भइल जब पौलुस एगो जहाज पर रहलन।



ई स्टील क समुद्री जहाजन में से ना रहे,
लेकिन उ सब पाल नौका रहलिन,
जेवन तूफानी मौसम
में आसानी
से टूट
जाइल
करत रहल।






पर रहलन काँहे से कि उ फिर से गिरफ्तार कर लिहल गइल रहलन। अब उ रोम, दुनिया की राजधानी में सम्राट की सामने पेश होखे वाला रहलन।



बहुत तेज हवा जहाज की चाल के धीमा कर दिहलस। अइसन जान पड़त रहे कि तूफान भरल मौसम आगे की ओर ही रहल।



ई पौलुस, अन्य कैदी अउर
चालक दल की खातिर
एगो कठिन यात्रा रहल।

"हे पुरुष लोग, हम ए यात्रा के एगो आपदा की साथ खतम होत देखत बानी" पौलुस चेतावनी दीहलें। लेकिन कप्तान ना सुनलन। समुद्र की अंदर उ सब चल गइलें।



एगो बहुत बड़ तूफान उनके घेर लिहलस, उ सब ए आशा से जहाज के पूरी तरह से रस्सी से बाँध दिहल; उ जहाज के टूटला से बचावे वाला रहल।



यदि जहाज टूट जाइत
त, सबकि खातिर उ
पानी एगो कब्र
बन जाइत।



जहाज टूटे वाला रहल, तबे कप्तान सबके आदेश दिहलन कि जहाज को हलुक करे में सब मदद करें।



तीसरा दिन, ३ सब जहाज पर से सबकुछ फेंक दिहलें। ए आशा से कि हो सँके एसे उनके मदद मिल सके।



रात की दौरान, पौलुस की पास खड़ा एगो दूत बतवलन की सब कुछ ठीक हो जायी। पौलुस जब दूसरा लोगन के बताके प्रोत्साहित कइलन तब उ सब राहत में अइलें।



"पुरुष लोग, दिल सम्हारअ जा, हम जेवनी परमेश्वर पर विश्वास करीं ला उ जइसन हमके बतवलन हअ ओइसने ही होखे वाला बा।"



हालांकि, हमनी के तुरंत ही एगो निश्चित द्वीप पर टिके खातिर चले के चाँही।




कुछ दिन बाद, नाव माल्टा की द्वीप
की नजदीक ठहरा दिहल गइल। उ चट्टानी
छिछला पानी पर दुर्घटनाग्रस्त
हो गइल अउर टूट के अलग
अलग हो गइल।


सबसे पहिले कप्तान पवँरे वाला लोगन के
पानी में कूद के टापू तक जइला क आदेश
दिहलन, बाकी लोग भी सुरक्षित
रूप से जहाज की टूटल टुकड़न
की द्‌वारा अउर कुछ बोर्ड
पर से भाग निकले।

माल्टा में, परमेश्वर आपन शक्ति दिखवलन। जब उ सब आग की खातिर लकड़ी इकट्ठा कर के जलवलें, तबे एगो सांप पौलुस के काट लिहलस।



लोग सोचत रहलें कि उ अब मर जायी। लेकिन सांप की काटला से उनके कवनो नुकसान ना भइल।



तब लोग सोचन की पौलुस एगो देवता हउवें। बहुत सारा बीमार लोग अइलें, अउर पौलुस उनकी खातिर प्रार्थना कइलें, अउर उ लोगन के परमेश्वर चंगा कइलन।



अंत में, पौलुस रोम में पहुंच गइलन। उन कर अदालत में मामला की सुनवाई खातिर दू साल क समय लाग गइल। ओ समय की दौरान, पौलुस एगो घर के किराया पर लिहलन अउर ढेर सारा आगंतुकन के प्राप्त कइलें।



आप का सोचत बानी कि पौलुस अपनी आगंतुकन के का बतावत रहलन? परमेश्वर की राज्य की बारे में! प्रभु यीशु



मसीह की बारे में! पौलुस अब रोम में परमेश्वर क सेवक रहलन जैसे उ अपनी दूसरी अन्य यात्रा की दौरान रहलन।

पौलुस रोम में से लिखलें, "हम बहुत बढ़ियाँ कुश्ती लड़ चुकल बानी, हम दौड़ समाप्त कर लेले बानी, हम आपन विश्वास कायम रखले बानी।" बाइबिल उनकरी जीवन की समापन की बारे में हमनी के ना बतावे ले, ...



... लेकिन अन्य लेखन से पता चलेला कि पौलुस के सम्राट नीरो की आदेश से रोम में मउवत क सजा दीहल गइल। परमेश्वर क एगो वफादार
सेवक, यीशु
मसीह की



# पौलुस क अद्‌भुत यात्रा

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

प्रेरित लोगन क काम 16, 27, 28

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन के क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ
सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँईं
अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार
लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत
बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप
के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर
एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं।
आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं
अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर
बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16